

THE UNIVERSITY OF THE STATE OF NEW YORK

# 5YÈM ANE

NIVO ELEMANTÈ

EGZAMEN SYANS SOSYAL

PREMYE LIV

KESYON KI GEN REPONS OCHWA EPI AK REPONS ÒGANIZE

16 NOVANM 2009

Non elèv la \_\_\_\_\_

Non lekòl la \_\_\_\_\_

Ekri non w ak non lekòl ou ak lèt enprime sou liy ki anwo yo.

Egzamen an gen twa pati. Pati I an ak Pati II a nan tiliv egzamen sa a; Pati III a nan ti liv 2 a.

**Pati I** an genyen 35 kesyon ki gen plizyè chwa. Ekri repons ou yo pou kesyon sa yo sou fèy repons apa a. Sèvi ak yon kreyon No. 2 sèlman sou fèy repons ou.

**Pati II** a gen plizyè kesyon ak repons kout. Ekri repons ou yo pou Pati II a nan tiliv egzamen sa a.

W ap gen inèdtan edmi pou w reponn kesyon ki nan tiliv 1 an.

**PINGA OU VIRE PAJ SA A TOUTOTAN YO POKO DI W FÈ SA.**



## Pati I

### EKSPLIKASYON

Gen 35 kesyon nan Pati 1 egzamen sa a. Chak kesyon gen kat repons ochwa apre li, repons yo make depi A pou rive nan D. Li chak kesyon avèk anpil atansyon. Deside kiyès nan repons ochwa yo ki bon pou repons lan. Nan fèy repons apa a, make repons ou sou ranje ki gen ti sèk pou chak kesyon yo pandan w ap nwasi ti sèk ki gen menm lèt ak repons ou chwazi a. Sèvi ak yon kreyon pou make fèy repons la.

Li **egzanp kesyon** ki anba a:

#### Egzanp kesyon

Ki vil ki kapital Eta New York?

- (A) Utica
- (B) Albany
- (C) Vil New York
- (D) Buffalo

Repons ki kòrèk la se **Albany**, ki kote lèt **B**. Sou fèy repons ou an, gade bwat ki montre ranje ki gen ti sèk pou repons pou kesyon ki nan egzanp lan. Kòm se chwa **B** a ki repons ki bon pou kesyon nan egzanp lan, se ti sèk ki gen lèt **B** a ki nwasi.

Reponn tout 35 kesyon ki nan Pati I nan egzamen sa a. Nwasi yon sèl ti sèk pou chak kesyon. Asire ou efase nèt nenpòt repons ou vle chanje. Ou gen dwa pa konnen repons pou kèk kesyon, men fè sa ou kapab pou chak kesyon.

Lè ou fini ak Pati I an, ale nan Pati II a.

## Pati I

### Reponn tout kesyon nan pati sa a.

1 Nan anpil peyi nan lemond, fanmi yo konn souvan rakonte istwa pou yo ka sonje pase yo. Pou fanmi sa yo, istwa sa yo fè pati

- (A) istwa oral
- (B) règ alekri
- (C) devwa sivik
- (D) resous ekonomik

2 Ki tèm ki genyen lòt twa mo yo ladan l?

- (A) atizay
- (B) kilti
- (C) lang
- (D) relijyon

Sèvi ak pasaj ki anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 3 a.


“Mwenmenm ak fanmi m nou se Grèk, epi chak Joudlan nou fè *vasilopita* a lonè Sen Bazil! *Vasilopita* a se yon pen espesyal ki genyen tranch zanmann sou tèt li. Li genyen yon pyès monnen ki kache andedan l. Granpè m koupe l yon fason pou chak manm nan fanmi an ki la jwenn yon tranch. Tout moun jwenn yon moso, epi tout moun ap prese pou yo gade pou wè si pyès monnen an se nan moso pa yo a li ye paske li pote bòn chans pou ane pwochèn nan!”

3 Pandan fèt Joudlan an, kache yon pyès monnen andedan *vasilopita* a se yon egzanp yon

- (A) lwa grèk
  - (B) relikè grèk
  - (C) kont grèk
  - (D) tradisyon grèk
-

Sèvi ak kat jeyografik anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 4 ak 5.


### United Mexican States (Etazini Meksik)



Sous: Catherine Yuh, *illustrator, Mexico: World Neighbor Series, Creative Teaching Press, 1994 (adapte)*

- 4 Nan ki pati nan Meksik klima a ta pi sèk?
- (A) nòdès (C) sidès  
(B) nòdwès (D) sidwès
- 5 Ki konplèks touristik yon touris ta vizite si l bezwen al nan plaj epi si l bezwen vizite forè twopikal imid la?
- (A) Mazatlàn (C) Acapulco  
(B) Puerto Vallarta (D) Cancún

Sèvi ak kat jeyografik anba a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 6 ak 7.



Sous: National Geographic Society (adapte)

**6** Ki de kontinan ki nan Emisfè Lwès la nèt?

- (A) Azi ak Ostrali
- (B) Amerik-di-Sid ak Afrik
- (C) Amerik-di-Nò ak Amerik-di-Sid
- (D) Antatik ak Ostrali

**7** Nan ki kontinan liy latitud  $60^{\circ}$  N a travèse?

- (A) Amerik-di-Nò ak Amerik-di-Sid
- (B) Antatik ak Ostrali
- (C) Azi, Ewòp, ak Amerik-di-Nò
- (D) Afrik, Amerik-di-Sid, ak Azi

Sèvi ak tablo anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 8 ak 9.

Karakteristik Gouvènman an	Demokrasi Palmanchè Britanik	Demokrasi Repezantatif Ozetazini
<b>Òganizasyon Gouvènman Nasyonal la</b>	Palman (Lachanm Komin ak Lachanm Lòd yo), Gouvènman Majeste li (premye minis ak minis yo), ak sistèm jidisyè a	Kongrè (Lachanm Repezantan ak Sena), branch egzekitif (prezidan ak depatman egzekitif yo), ak sistèm jidisyè a
<b>Seleksyon Lejislatif</b>	Se sitwayen yo ki eli manm Lachanm Komin yo; se nonmen yo nonmen pifò syèj Lachanm Lòd yo.	Se sitwayen yo ki eli manm Lachanm Repezantan yo ak manm Sena yo.
<b>Seleksyon Chèf Egzekitif</b>	Se pèp la ki eli Premye Minis lan endirèkteman atravè seleksyon pati ki an majorite nan Palman an.	Yon kolèj elektoral eli prezidan an endirèkteman, epi se pèp la ki eli delegè kolèj elektoral la. Prezidan an ka nan yon pati politik ki diferan ak pati ki kontwole Kongrè a.

Sous: *Faces*, Cobblestone Publications, 2001 (adapte)

**8** Yon fason Lachanm Komin an Angletè ak Lachanm Repezantan Ozetazini sanble sèke manm yo se

- (A) sitwayen yo ki eli yo
- (B) jij ki chwazi yo
- (C) kolèj elektoral la ki eli yo endirèkteman
- (D) yo chwazi yo nan pati majorite nan Palman an


**9** Lidè k ap dirije Grannbretay la rele

- (A) Rèn
- (B) Prezidan
- (C) Premye minis
- (D) Duc York

Sèvi ak enfòmasyon anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 10 ak 11 yo.


### Zouti ak Objè Pèp Primitif la

Akeyològ yo etidye kèk objè pou yo ka aprann plis bagay sou pèp ki te viv nan tan lontan. Kat egzanp ki anba a se kèk zouti ak objè pèp primitif nan New York te itilize.



#### Fè-de-lans

Fèt avèk silèks oswa wòch, kote yo retire ti moso ti moso jiskaske li gen yon pwent file. Lè silèks li fin file, yo atache l nan yon manch an bwa. Yo itilize l pou lachas.




#### Panye Ekòs Boulo

Fèt avèk ekòs boulo ki te pliye an fòm yon panye epi yo kole yo ansanm swa avèk yon fil swa avèk yon manch. Yo itilize l pou sere epi kwit manje.



#### Potri

Fèt avèk ajil melanje avèk fib vejetal, sab, kokiy kraze epi yo woule yo pou yo fè woulo fen youn sou tèt lòt. Yo itilize l pou sere epi kwit manje.



#### Pwopilsè

Yon baton kout ki fèt avèk bwa oswa zo yo itilize kòm yon levye pou voye yon lans. Lè yo itilize l pou lachas, yo rele l yon pwopilsè lans.

Sous: Harcourt Brace Horizons (adapte)

**10** Yo te fè silèks yo te file epi sèvi pou fè lachas vin tounen

(A) yon fè-de-lans

(C) yon chodyè

(B) yon pwopilsè

(D) yon panye

**11** Panye ekòs boulo ak objè potri yo dekouvri fè nou konnen pèp primitif yo

(A) te koud po bèt

(C) te sèvi ak metal

(B) te konsève manje

(D) te chase bifalo



- 12** Kiyès nan moun sa yo ki fè yon machandiz olye pou l ofri yon sèvis?  
(A) pwofesè (C) ajan lapolis  
(B) vandè (D) travayè faktori
- 13** Ou ka satisfè yon bezwen fondamantal yon fanmi lè w  
(A) kòmande flè (C) achte manje  
(B) lwe yon DVD (D) pran yon vakans
- 14** Fanm aje ki te jwe yon kokennchenn wòl nan gouvènman Iroquois (Haudenosaunee) a te rele  
(A) manman klan an (C) konsèy tribal  
(B) sakèm (D) twa sè yo
- 15** Ki de tribi Endyen Ameriken Natifnatal ki te fè pati nasyon Iroquois (Haudenosaunee) a?  
(A) Montauk ak Shinnacock (C) Erie ak Michigan  
(B) Cherokee ak Sioux (D) Seneca ak Mohawk

**ALE NAN LÒT PAJ LA ⇨**

**16** Yo konnen Henry Hudson pi byen paske l te eksplòre

- (A) Kanada pou Fransè yo
- (B) New York pou Olandè yo
- (C) Virginia pou Anglè yo
- (D) Florida pou Espanyòl yo

**17** Ki tèm yo defini kòm yon teritwa yon lòt peyi dirije?

- (A) koloni
- (B) banlye
- (C) kominote
- (D) abri

**18**

I. Sa ki te lakòz Revolisyon Ameriken an


- A. Palman an te pase Lwa Tenm la men kolon yo te pwoteste.
- B. Palman an te pase lwa Townshend lan.
- C. Sòlda Anglè yo te touye kolon yo nan Masak Boston an.
- D. \_\_\_\_\_

Ki deklarasyon ki pi byen konplete pwofil pasyèl sa a?

- (A) Pitit Gason Libète yo te alatèt Boston Tea Party a.
- (B) Anglè yo te pran kontwòl Vil New York.
- (C) Lame kolonyal la te pote laviktwa sou lame Britanik lan nan Saratoga.
- (D) Jeneral Washington te fè lame li a repoze nan Valley Forge.

Sèvi ak tablo kwonolojik anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 19 ak 20.

**EVÈNMAN KI PASE OZETAZINI (1770–1800)**




Sous: *New York: Adventures in Time and Place*, MacMillan McGraw Hill, 1998 (adapte)

- 19** Ki evènman ki sou tablo kwonolojik sa a ki montre Etazini t ap enpòte machandiz ki sot nan lòt peyi epi y ap ekspòte machandiz nan lòt peyi?
- (A) Yo te siyen Konstitisyon Eta New York la.
  - (B) Bank New York la ouvri.
  - (C) Washington vin prezidan Etazini.
  - (D) Bato ki rele Empress of China ouvri komès ant Ameriken avèk Azi.
- 20** Ki entèpretasyon enfòmasyon ki sou tablo kwonolojik sa a ka sipòte?
- (A) Albany te vin kapital Eta New York nan ane 1800.
  - (B) Tablo kwonolojik sa a kouvri yon peryòd 50 an.
  - (C) Konstitisyon Eta New York la te siyen anvan New York te ratifye Konstitisyon Etazini an.
  - (D) George Washington te vin prezidan twazan aprè Bank New York la te ouvri.

Sèvi avèk grafik anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 21 an.

### Estimasyon Popilasyon pou Trèz Eta yo an 1790



Sous: U. S. Census, 1790 (adapte)

**21** Ki deklarasyon sou popilasyon Eta yo an 1790 enfòmasyon ki sou grafik sa a sipòte?

- (A) Popilasyon Virginia te mwens pase 500,000 moun.
- (B) Ni New York ni Massachusetts te gen plis pase 300,000 moun.
- (C) Popilasyon New Jersey te pi gwo pase popilasyon North Carolina.
- (D) Pennsylvania te gen pi gwo popilasyon.

- 22** • Vil New York se te premye kapital nasyon tounèf la.  
• Prezidan Washington te inogire nan Vil New York.  
• Reprezantan chak eta te reyini nan Vil New York pou yo te fè lwa pou nouvo nasyon an.

Ki konklizyon ou ka tire nan deklarasyon sa yo?

- (A) Vil New York te akeyi anpil nouvo imigran.  
(B) Se moun nan Vil New York yo ki te fè lwa pou nouvo nasyon an.  
(C) Anpil nan batay pandan revolisyon an te fèt nan Vil New York.  
(D) Vil New York te jwe yon wòl enpòtan nan kòmansman nouvo nasyon an.

- 23** Ki metòd pou vwayaje Robert Fulton te amelyore nan kòmansman ane 1800 yo?

- (A) bato a vapè (C) chalan  
(B) chemennfè (D) otomobil

- 24** Nan ki fason Kanal Erie te kontribye nan kwasans ekonomik Etazini?

- (A) Yo te itilize kanal la pou espedye koton ki sot nan lesid pou ale nan faktori Anglè yo.  
(B) Kolon Olandè yo te vin rich lè yo te vann tè yo te genyen ki toupre kanal la.  
(C) Kanal la te konekte dirèkteman kot lès ak kot lwès Etazini.  
(D) Yo te ka transpòte machandiz yo pi fasilman ant Vil New York ak Gran Lak yo.

- 25** Ki deklarasyon konsènan Revolisyon Endistriyèl nan tan lontan an ki vrè?

- (A) Timoun yo te ka travay nan faktori yo san pwoblèm.  
(B) Itilizasyon chemennfè te diminye.  
(C) Nouvo envansyon yo te pèmèt pwodiksyon machandiz yo pi fasil.  
(D) Anpil moun te deplase sot nan vil yo pou yo ale nan zòn rural yo.

Sèvi ak tablo anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 26 ak 27.

### Sistèm Ekilib Pouvwa yo

<p><b>Branch Egzekitif</b> (Prezidan an aplike lwa yo)</p>	<p><b>Chèk sou Branch Lejislatif la</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Ka veto lwa yo</li> </ul> <p><b>Chèk sou Branch Jidisyè a</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Ka padone moun ki komèt ofans federal</li> </ul>
<p><b>Branch Lejislatif</b> (Kongrè a pase lwa yo)</p>	<p><b>Chèk sou Branch Egzekitif la</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Ka anile veto prezidan an</li> <li>• Ka deklare lagè</li> </ul> <p><b>Chèk sou Branch Jidisyè a</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Ka pwopoze amannman pou anile desizyon jidisyè yo</li> </ul>
<p><b>Branch Jidisyè</b> (Lakou Siprèm lan entèprete lwa yo)</p>	<p><b>Chèk sou Branch Egzekitif la</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Ka deklare kèk aksyon egzekitif pa konstitisyonèl</li> </ul> <p><b>Chèk sou Branch Lejislatif la</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Ka deklare kèk aksyon Kongrè a pa konstitisyonèl</li> </ul>

Sous: James West Davidson, *The American Nation*, Prentice Hall, 2005 (adapte)

**26** Ki sa branch lejislatif la ka fè pou l chyeke branch jidisyè a?


- (A) veto lwa yo
- (B) padone moun ki koupab pou zak federal
- (C) deklare lwa Kongrè yo pa konstitisyonèl
- (D) pwopoze amannman pou anile desizyon jidisyè yo

**27** Pou kisa moun ki te ekri Konstitisyon an te mete ladan l yon sistèm ekilib pouvwa yo?

- (A) pou asire chak sitwayen ta gen menm libète
- (B) pou pèmèt Kongrè a ekri Konstitisyon an ankò chak 20 tan
- (C) pou garanti ankenn nan branch gouvènman an pa vin gen plis pouvwa pase de lòt yo
- (D) pou fè gouvènman eta yo vin gen plis pouvwa pase gouvènman federal la

Sèvi ak kat jeyografik anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 28 ak 29.

### Eta New York



Source: Mountain High Maps, Digital Wisdom (adapted)

**28** Pandan fanmi Smith ap pase vakans yo nan Eta New York, yo te vwayaje sot nan Mòn Adirondack pou ale nan Mòn Catskill. Nan ki direksyon jeneral yo te vwayaje?

- (A) sid
- (B) nò
- (C) lwès
- (D) lès

**29** Ki de lak yo montre sou kat jeyografik Eta New York sa a ki fè pati Gran Lak yo?

- (A) Oneida ak Champlain
- (B) Erie ak Ontario
- (C) Cayuga ak Seneca
- (D) Cranberry ak Saranac

- 30** Chak ane, nan dat 11 novanm, yo selebre Jou Veteran yo pou sonje
- (A) sòlda ki te sèvi nan lame Amerikèn
  - (B) eleksyon yon nouvo prezidan
  - (C) Batay Lexington ak Concord yo
  - (D) Anivèsè nesans Abraham Lincoln
- 31** Nan Eta New York, moun ki alatèt branch egzekitif gouvènman an rele
- (A) jij-an-chèf
  - (B) gouvènè
  - (C) majistra
  - (D) kòmandan-an-chèf
- 32** Kiyès nan mo sa yo ki siyifi ekonomi resous natirèl?
- (A) patriyotis
  - (B) fabrikasyon
  - (C) eritaj
  - (D) konsèvasyon

Sèvi ak tablo anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 33 ak 34.


<b>AGRIKILT</b>	<b>1990</b>	<b>1995</b>	<b>2000</b>	<b>2001</b>	<b>2002</b>
Fèm (an milye)	2,146	2,196	2,172	2,156	2,158
Tè nan fèm yo (anpil milyon ekta)	987	963	943	941	941
Revni agrikòl (\$ milya)	44.6	36.9	47.8	50.6	35.3

Sous: U.S. Census Bureau (adapte)

- 33** Nan ki ane revni agrikòl te pi wo?
- (A) 1990
  - (B) 1995
  - (C) 2001
  - (D) 2002
- 34** Ki sa ki te rive ak kantite ekta tè agrikòl Ozetazini ant 1990 ak 2000?
- (A) Li te rete egzakteman menm jan.
  - (B) Li te ogmante epi apre li te diminye.
  - (C) Li te ogmante.
  - (D) Li te diminye.



Sèvi ak grafik anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 35.



Sous: *Exploring America's Heritage*, D.C. Heath, 1991 (adapte)

**35** Apeprè konbyen popilasyon an te ye nan Koloni Sid yo nan ane 1740?

- (A) 100,000
- (B) 200,000
- (C) 400,000
- (D) 700,000

**FOR TEACHER USE ONLY**

Total Part I Score \_\_\_\_\_


Maximum Score is 35

## Pati II

*Esplikasyon:* Ekri repons ou yo pou kesyon ki vin apre yo nan espas yo bay nan tiliv egzamen sa a.

Sèvi ak desen anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 1 ak 2.

### Evolisyon Bato yo te Itilize sou Kanal Erie a, 1825–1899



Sous: University of Rochester (adapte)

1 Pandan ki ane yo te itilize bato ki pi kout la sou Kanal Erie? [1]

Score

2 Ofi-amezi ane yo te pase, pou kisa yo te itilize pi gwo chalan yo? [1]

Score

Sèvi ak kat jeyografik anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 3 jiska 5.



Sous: Richard G. Boehm, et al., *Communities*, Harcourt Brace & Company, 2000 (adapte)

3 Dapre kat jeyografik sa a, site **two** peyi ki ekspòte petwòl. [1]

(1) \_\_\_\_\_

(2) \_\_\_\_\_

(3) \_\_\_\_\_

Score

4 Dapre kat jeyografik sa a, site **yon** pwodui Japon ekspòte. [1]


Score

5 Ki **yon** rezon ki fè kèk peyi ekspòte machandiz nan kèk lòt peyi? [1]

Score

Sèvi ak enfòmasyon ki anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 6 jiska 8.

### Fouy Tinèl Ray Tren Vil New York



Sous: David Weitzman, *A Subway for New York*, Farrar, Straus and Giroux (adapte)

Pifò nan travay lè yo t ap fè ray tren yo te fèt avèk pèl ak pikwa, mato pèforatè ak mato nòminal. Pafwa yo te itilize dinamit. Mendèv la ki te 7,700 travayè se te sitou Ilandè ak Italyen. Travayè ki pa t kalifye yo te touche apeprè 20 santim pa è. Travayè kalifye yo te touche 25 santim pa è.

**6** Site *de* bagay travayè yo te itilize pou yo fouye twou pou konstwi sistèm ray tren Vil New York la. [2]

(1) \_\_\_\_\_  
Score

(2) \_\_\_\_\_  
Score

7 Site *de* gwoup travayè ki te fouye tinèl yo pou ray tren nan Vil New York. [2]

(1) \_\_\_\_\_  
Score


(2) \_\_\_\_\_  
Score

8 Pou kisa yon sistèm ray tren se yon bagay ki enpòtan pou Vil New York? [1]

\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
Score

Sèvi ak grafik ki anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 9 jiska 11 yo.

**Moun ki fèt aletranje k ap viv Ozetazini**



Sous: *Time for Kids*, January 30, 2004 (adapte)

9 Dapre grafik sa yo, ki peyi ki te gen pi gran kantite moun ki fèt aletranje ki t ap viv Ozetazini an 1910? [1]

Score

10 Dapre grafik sa yo, ki peyi ki te gen pi piti kantite moun ki te fèt aletranje ki t ap viv Ozetazini an 2002? [1]

Score

11 Ki *twa* rezon ki fè imigran yo vin ann Amerik? [3]

(1) \_\_\_\_\_

Score

(2) \_\_\_\_\_

Score

(3) \_\_\_\_\_

Score

**FOR TEACHER USE ONLY**

**Total Part II Score \_\_\_\_\_**

**Maximum Score is 15**

